

Ni gute basaba ko ingingo ya WIC isubira kwihwezwa

Uburenganzira bwo kwunguruza urubanza hamwe n'incamake

Mu gihe batakwanditse mu mugambi wa WIC wewe canke/umwana wawe canke bagukuyemwo wewe canke/umwana wawe kandi ukaba wumva ko iyo ngingo itariyo, urafise uburenganzira bwo gusaba ko isubira kwihwezwa. Uba ufise imisi 60, uhereye kw'igenekerezo umenyesherejweko iyo ngingo, yo gusaba ko hafatwa ingingo ibereye. Iyo iyo misi 60 yarenze, ntushobora gusaba uwundi mwihwezo. Urashobora gusaba ivyo wipfuzza ata bwoba bwo gukubagurwa canke ibihano. Amakuru yerekeye urubanza ataho ruhengamiye ushobora kuyasanga mu bibanza vyose WIC ikoreramwo hamwe no ku **rubuga rw'igisata ca Vermont Department of Health**: <https://www.healthvermont.gov/family/wic/usda-nondiscrimination-statement#wicappeals>

Mu gihe bakwimye uturusho twa WIC bitewe no guhonyanga amategeko agenga ukwitabira kandi warabimenyeshewe mw'ikete, ugusaba urubanza ataho ruhengamiye kwawe gutegerezwa gukorwa mu gihe c'imisi 60 uhereye igenekerezo ingingo yatereweke ikashe, canke ukamenyeshwa mu buryo bwanditse iyo ngingo.

Imanza Zibereye zitunganywa n'igisata ca Vermont Agency of Human Services Human Services Board (HSB). Urashobora gusaba Urubanza Rubereye wewe ubwawe, ubicishije kuri terefone, canke kw'iposita canke ukarungikira imeyiri Reta canke ishami rikwegereye. Ibikorwa vy'ubusiguzi mu zindi ndimi bizatangwa, amakuru yerekeye ukwunguruza arashobora gusabwa mu zindi ndimi (ikinya Albania, Icarabu, ikinya Burmania, iki Dari, Igifaransa, Ikirundi, iki Nepali, igi Pashto, Igishinwa coroshe, igi Somali, iki Esupanyore, Igiswahili, Igishinwa ca kera, ikinya Vietnam).

Ni gute basaba Urubanza

Ugusaba kwunguruza kugira uburanishwe hamwe n'inama z'ibiro bikwegereye birashobora gukorwa na wewe ubwawe, biciye kuri terefone, kw'iposita, canke ukarungikira imeyiri WIC yo ku rwego rwa Reta, ku kanama kajejwe ibikorwa vy'abantu canke ku biro vya WIC bikwegereye. Uzuzwa [ifishe yo kwunguruza](#) kuri buri Rubanza Rubereye/canke buri uko usavye ko hakorwa inama ku biro bikwegereye. Ifishe yo kwunguruza iraboneka mu buryo bwanditse hamwe no mu buryo bw'ubuhinga bwa none. Iyo ubisavye imbona nkubone, ikopi y'urupapuro rw'ifishe izatangwa. Mu gihe ukeneye gufashwa kwuzuzwa ifishe urashobora gusaba ko bagufasha hanyuma ugusaba umukozi gusikana hamwe no kurungika iyo fishe y'urupapuro kuri imeyiri WIC@Vermont.gov (kurungika kuri imeyiri y'ibiro vya WIC ku rwego rwa Reta) hamwe na Human Services Board (HSB) kuri contact.hsb@vermont.gov.

Iyo wujuje ifishe yo kwunguruza urubanza ku buhinga bwa none, utegerezwa kubika ikopi mu mashini nyabwonko yawe kandi ukayirungika kuri imeyiri iri haruguru, canke kw'ipositaku muyobozi wa WIC ku rwego rwa Reta:

State WIC Director (Umuyobozi wa WIC ku rwego rwa Reta)
Umugambi Vermont WIC Program
280 State Drive
Waterbury, VT 05671-8360

Urubanza Rubereye ni iki?

MuRubanza Rubereye, urashobora kubaza ibibazo hanyuma ugasigura mu majambo yawe bwite igituma wumva ko ingingo yafashwe atariyo canke warenganijwe. Urashobora guhitamwo kwiserukira ubwawe, canke urashobora guhitamwo ko habaho umuntu aguserukira, nk'umuntu wo mu muryango wawe, umugenzi, umujanama mu bijanye n'amategeko, canke uwundi muvugizi.

Urashobora kandi gusaba Inama y'ibiro bikwegereye. Urashobora gusaba inama y'ibiro bikwegereye igihe ico arico cose, harimwo no kubisabira rimwe n'Urubanza Ataho Ruhengamiye. Inama y'ibiro bikwegereye si itegeko. Inama y'ibiro bikwegereye ni inama hagati yawe, umugenduzi w'ibiro bikwegereye, hamwe n'umuyobozi wa WIC ku gwego rwa Reta. Urashobora guhitamwo kuzana uwuguserukira, nk'umuntu wo mu muryango wawe, umugenzi, umujanama mu bijanye n'amategeko, canke uwundi muvugizi, mu nama y'ibiro bikwegereye. Inama y'ibiro bikwegereye izokorwa mu kiringo c'imisi 10y'akazi ikurikira ugusaba kwawe ku biro bikwegereye vya WIC canke ukore inama yo mu buhinga bwa none usanga abayirimwo babonana naho bataba bari mu kibanza kimwe. Inama y'ibiro bikwegereye izogutuma utorera inyishu ingorane imbere y'uko Urubanza Ataho Ruhengamiye ruba canke rusozerwa. Mu gihe udashaka inama y'ibiro bikwegereye, canke utanezerejwe n'ivyavuye mu nama y'ibiro bikwegereye, urashobora gusaba ko haba Urubanza Ataho Ruhengamiye.

Ugusaba Urubanza Ataho Ruhengamiye kwawe kurashobora guhakanwa mu gihe:

- 1) Udasavye ko haba Urubanza Rutagira Aho Ruhengamiye mu kiringo c'imisi 60;
- 2) Wewe, canke uwuguserukira, ahevye gusaba Urubanza Ataho Ruhengamiye biciye mu nyandiko;
- 3) Wewe canke uwuguserukira ananiwe, atatanze invo zunvikana, kurenguka mu Rubanza Ataho Ruhengamiye; canke
- 4) Warumaze kwankirwa kuronswa uturusho inyuma y' Urubanza Ataho Ruhengamiye kandi ntushobora gutanga ivyemezo vyerekana ko ibijanye n'uburenganzira bwawe canke bw'umwana wawe bwo kuronswa uturusho vyahindutse ku buryo bitahurika ko hakwiye kuba urundi Rubanza Ataho Ruhengamiye.

Imenyeshya ry'Ivyavuye mu Kwunguruza Urubanza

HSB itegerezwa kukumenyeshya mu buryo bwanditse ingingo yafashwe mu gihe c'imisi 45 inyuma yo kubwira WIC ko ushaka Urubanza Ataho Ruhengamiye. Iyo HSB ifashe ingingo ko utegerezwa guhabwa uturusho, utwo turusho dutegerezwa gutangura gutangwa ubwo nyene. Uzoronka akaryo ko gusaba ko iyi ngingo isubira kwihwezwa muri sentare nkuru ya Vermont.

Nimba ukeneye ayandi makuru canke ufise ibibazo, urashobora kwakura ibiro vya WIC ku rwego rwa Reta kuri 1-800-649-4357 canke Human Services Board kuri 802-828-2536.

Ifishe yo kwunguruza ya WIC

Umugambi wa WIC w'igisata ca Vermont kijejwe amagara y'abantu

Urasabwa kwuzuzwa iyi fishe kugira usabe Inama y'ibiro bikwegereye, Urubanza Rudahengamye, canke vyompi.

Nimba ukeneye ayandi makuru canke ufise ibibazo, urashobora kwakura ibiro vya WIC ku rwego rwa Reta kuri 1-800-649-4357 canke Human Services Board kuri 802-828-2536.

1. Ndasaba ibikurikira, nk'uko bitegekanywa n'amategeko y'umugambi wa WIC:

Inama y'Ibiro Binyegereye

Iburanisha Ridahengamye

Vyompi

2. Urasabwa gusigura, mu majambo yawe bwite, igituma wumva ingingo yo kwimwa uturusho twa WIC atariyo canke ari akarenganyo, hisunzwe amategeko n'amabwirizwa yo kwemererwa ya WIC.
-

3. Amazina Yose
(Itazirano, Irindi Zina, Izina)

4. Aderese ya Posita:

5. Imeyeri:

6. Inomero ya terefone:

7. Mu gihe uriko urasaba urubanza rudahengamye kw'izina ry'abana mu muryango wawe bimwe uturusho twa WIC, urasabwa kudondagura amazina yabo yose hamwe n'amatariki y'amavuko hepfo.

Izina ryose: _____ Itariki y'amavuko: _____

Izina ryose: _____ Itariki y'amavuko: _____

Izina ryose: _____ Itariki y'amavuko: _____

Izina ryose: _____ Itariki y'amavuko: _____

7. Mu gihe wipfuzaga kuzana uwuguserukira kugira y'itabire iburanisha muri kumwe, urasabwa kuvuga izina ryiwe, aderesi, email hamwe/canke inomero ya terefone.

Izina: _____

Aderese: _____

Email: _____

Terefone: _____

8. Woba wipfuzaga ko umusiguzi w'indimi mu buryo bwo kuvuga canke kwandika yoba ahari muri urwo rubanza? Ego Oya

7. Nimba ari ego, ni uruhe rurimi ukeneye: _____

8. Igenekerezo vyujurijweko: _____

Uzuza ifishe, yibike muri nyabwonko hanyuma uyirungikire umuyobozi wa WIC kw'iposita:

State WIC Director (Umuyobozi wa WIC ku rwego rwa Reta)
Umugambi Vermont WIC Program
280 State Drive
Waterbury, VT 05671-8360

Canke, urashobora kuyibika ku mashini nyabwonko hanyuma ukarungika ku ngurukanabumenyi iyo fishe kuri WIC@Vermont.gov (imeyiri y'ibiro vya WIC ku rwego rwa Reta) hanyuma/canke Human Services Board kuri contact.hsb@vermont.gov.

Iki kigo gitanga amahirwe angana kuri bose.

Ku zindi porogarama zose z'imfashanyo y'imirire ya FNS, ibisata vya Leta canke vy'intara, n'ababihabwa, bategerezwa gushiramwo aya majambo akurikira yerekeye ukudavangura:

Hakurikijwe amategeko y'uburenganzira bwa muntu ya Leta Zunze Ubumwe z'Amerika n'Igisata ca Leta Zunze Ubumwe z'Amerika c'itaho uburimyi (USDA) hamwe n'amategeko n'ingingo z'uburenganzira bwa muntu, iri shirahamwe rirabujijwe gukumira abantu bafatiye ku bwoko, ibara ry'urukoba, igihugu umuntu aturukamwo, igitsina (harimwo n'ukwiyunvamwo kw'igitsina hamwe n'igitsina umuntu akunda), ubumuga, imyaka, canke guhora canke kwivuna kubera ibikorwa vy'uburenganzira bwa muntu vyaheze.

Amakuru y'integuro arashobora kuboneka no mu zindi ndimi atari Icongerezwa. Abantu bafise ubumuga bakeneye ubundi buryo bwo guhanahana amakuru kugira baronke amakuru y'integuro (nk'akarorero, indome z'impumyi, indome zinini, amajwi yafashwe ku makasete, Ururimi rw'Ibimenyetso rw'Abanyamerika), bakwiye guhamagara ishishamwe rya leta canke ry'akarere ryitaho ico gisata canke Ishishamwe Nyamukuru rya USDA kuri (202) 720-2600 (ijwi na TTY) canke bahamagare USDA biciye ku Kigo c'Igihugu Gifasha Guhanahana Amakuru kuri (800) 877-8339.

Kugira umuntu atange ikirego c'ikumira mu gisata, Uwutanga ikirego ategerezwa kuzuza ifishi AD-3027, Ifishi yo Gutanga Ikirego c'Ikumira mu Gisata ca USDA ishobora kuronka ku ngurukanabumenyi kuri: <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/ad-3027.pdf>, mu biro vyose vya USDA, uhamagaye kuri (866) 632-9992, canke wanditse ikete wandikira USDA. Ikete ritegerezwa kuba ririmwo izina ry'uwutanze ikirego, aderesi, inomeri ya telefone, hamwe n'insiguro yanditse y'igikorwa c'ikumira kivugwa mu buryo bwimbitse buhagije kugira bumenyeshye Umunyamabanga mwunganizi Ajejwe Uburenganzira bwa Muntu (ASCR) ku bijanywe n'ubwoko n'igenekerezo ry'icaha c'ukutubahiriza uburenganzira bwa muntu kivugwa. Ifishi AD-3027 yujijwe canke ikete bitegerezwa gushikirizwa USDA biciye k':

1. ubutumwa ngurukanabumenyi (mail):

Leta Zunze Ubumwe z'Amerikayaway Igisata kijejwe ivy'uburimyi
Iburo vy'Umunyamabanga mwunganizi Ajejwe Uburenganzira bwa Muntu
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410; canke

2. fax:

(833) 256-1665 or (202) 690-7442; canke

3. ubutumwa ngurukanabumenyi (email):

Program.Intake@usda.gov

Iki kigo ni umutanzi w'amahirwe angana.